# ҚАРАҚАЛПАҚСТАН РЕСПУБЛИКАСЫНЫҢ НЫЗАМЫ
07.07.2013-ж. №166/XIII

# МӘЛИМЛЕМЕ-КИТАПХАНАЛЫҚ ЖУМЫС ҲАҚҚЫНДА

## I-БАП
## Улыўма режелер

### 1-статья. Усы Нызамның мақсети

Усы Нызамның мақсети мәлимлеме-китапханалық жумыс саласындағы қатнасықларды тәртипке салыўдан ибарат.

### 2-статья. Мәлимлеме-китапханалық жумыс ҳаққындағы нызамшылық

Мәлимлеме-китапханалық жумыс ҳаққындағы нызамшылық усы Нызам ҳәм басқа нызам актлеринен ибарат.

Егер Өзбекстан Республикасының халықаралық шәртнамасында Қарақалпақстан Республикасының мәлимлеме-китапханалық жумыс ҳаққындағы нызам актлеринде нәзерде тутылғанынан басқаша қағыйдалар белгиленген болса, халықаралық шәртнама қағыйдалары қолланылады.

### 3-статья. Тийкарғы түсиниклер

Усы Нызамда төмендеги тийкарғы түсиниклер қолланылады:

**мәлимлеме-китапханалық ресурс** - материаллық объектте текст, сесли жазыў яки сүўретлеў түринде жазылған ҳәмде идентификациялаў, сақлаў, ҳәм пайдаланыўды тәмийинлеў ушын реквизитлерге ийе болған мәлимлеме;

**мәлимлеме-китапханалық жумыс** - мәлимлеме-китапханалық мәкеме-лериниң мәлимлеме-коммуникациялық технологиялары тийкарында мәлимлеме-китапханалық қорларын қәлиплестириў ҳәм мәлимлеме- китапханалық хызметин көрсетиўди шөлкемлестириў бойынша жумысы;

**мәлимлеме-китапханалық қоры** - систематастырылған мәлимлеме-китапханалық ресурслардың жыйындысы;

**мәлимлеме-китапханалық хызметин көрсетиў** - пайдаланыўшылардың мәлимлеме-китапханалық ресурслардан пайдаланыўын тәмийинлеў;

**жәмлеме электронлы каталог** - мәлимлеме-китапханалық мәкемелериниң электронлы каталоглар топламы;

**пайдаланыўшы** - мәлимлеме-китапханалық хызмети көрсетилиўи ушын мәлимлеме-китапханалық мәкемесинде дизимге алынған шахс;

**электронлы каталог** - системаластырылған мәлимлеме-китапханалық ресурслары дизиминиң электронлы формасы;

**электронлы китапхана** - мәлимлеме-китапханалық қорының электронлы формасы.

**4-статья. Мәлимлеме-китапханалық жумыстың тийкарғы ўазыйпалары**

Мәлимлеме-китапханалық жумысының тийкарғы ўазыйпалары төмендегилерден ибарат:

пайдаланыўшылардың мәлимлеме-китапханалық ресурслардан пайдаланыўын тәмийинлеў;

пайдаланыўшылардың интеллектуал, руўхый-этикалық, мәдений ҳәм билим алыў талапларын қанаатландырыў ушын шараят жаратыў;

миллий мәдениятты тиклеўге ҳәм және де раўажландырыўға көмеклесиў, Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстан халқының тарийхый, руўхый ҳәм мәдений мийрасын сақлаў;

мәлимлеме-коммуникациялық технологиялары тийкарында мәлимлеме-китапханалық ресурслардан өз-ара пайдаланыўды тәмийинлеў.

## 2-БАП.
## МӘЛИМЛЕМЕ-КИТАПХАНАЛЫҚ ЖУМЫС САЛАСЫНЫҢ МӘМЛЕКЕТ ТӘРЕПИНЕН ТӘРТИПКЕ САЛЫНЫЎЫ

**5-статья. Мәлимлеме-китапханалық жумыс саласындағы мәмлекетлик басқарыў**

Мәлимлеме-китапханалық жумыс саласындағы мәмлекетлик басқарыў Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси ҳәм ол мәлимлеме-китапханалық жумыс тараўында арнаўлы ўәкиллик берген мәмлекетлик уйым (буннан-былай арнаўлы ўәкилликли мәмлекетлик уйым деп жүритиледи) тәрепинен әмелге асырылады.

**6-статья. Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңесиниң мәлимлеме-китапханалық жумыс саласындағы ўәкилликлери**

Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси:

мәлимлеме-китапханалық жумыс саласындағы мәмлекетлик сиясаттың әмелге асырылыўын тәмийинлейди;

мәлимлеме-китапханалық жумыс саласындағы мәмлекетлик бағдарламаларды тастыйықлайды;

мәлимлеме-китапханалық жумыс саласындағы нормативлик-ҳуқықый ҳүжжетлерди қабыл етеди;

мәлимлеме-китапханалық мәкемелерин шөлкемлестириў, қайта шөлкемлестириў ҳәм сапластырыў тәртибин белгилейди.

Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси нызамшылыққа муўапық басқа да ўәкилликлерди әмелге асырыўы мүмкин.

**7-статья. Арнаўлы ўәкилликли мәмлекетлик уйым**

Арнаўлы ўәкилликли мәмлекетлик уйым:

мәлимлеме-китапханалық жумыс саласындағы мәмлекетлик сиясаттың әмелге асырылыўында қатнасады;

мәлимлеме-китапханалық жумыс саласындағы мәмлекетлик бағдарламаларды ислеп шығады ҳәм әмелге асырады;

мәлимлеме-китапханалық мәкемелериниң жумысын муўапықластырады;

мәлимлеме-китапханалық жумыс саласындағы нормативлик-ҳуқықый ҳүжжетлер ҳәм нормативлик ҳүжжетлерди ислеп шығады ҳәм қабыл етеди;

мәлимлеме-китапханалық ресурсларын биййбаҳа ҳәм айрықша қунлы мәлимлеме-китапханалық ресурслар қатарына киргизиў тәртибин, сондай-ақ оларды сақлаў ҳәм олардан пайдаланыў тәртибин белгилейди;

мәлимлеме-китапханалық жумыс тараўындағы кадрларды таярлаў, қайта таярлаў ҳәм олардың билимин жетилистириўди шөлкемлестиреди;

жәмлеме электронлы каталогты дүзиў ҳәм жүргизиў тәртибин тастыйықлайды.

Арнаўлы ўәкилликли мәмлекетлик уйым нызамшылыққа муўапық басқа да ўәкилликлерди де әмелге асырыўы мүмкин.

**8-статья. Мәлимлеме - китапхана мәкемелерин мәмлекет тәрепинен қоллап-қуўатлаў**

Мәлимлеме-китапханалық мәкемелерин мәмлекет тәрепинен қоллап-қуўатлаў:

олардың финанслық ҳәм материаллық-техникалық базасын беккемлеў;

мәлимлеме-китапханалық жумысын раўажландырыўға инвестицияларды тартыў;

мәлимлеме-китапханалық жумысын әмелге асырыўда салық жеңилликлерин ҳәм басқа да жеңилликлерди белгилеў арқалы әмелге асырылады.

## 3-БАП.
## МӘЛИМЛЕМЕ-КИТАПХАНА СИТЕМАСЫ

**9-статья. Мәлимлеме-китапхана системасы ҳәм де мәлимлеме- китапханалық мәкемелериниң түрлери**

Мәлимлеме-китапхана ситемасы жеке шөлемлестириўшилик ҳәм методикалық тәмийинлеў тийкарында ис жүргизиўши мәлимлеме- китапханалық мәкемелериниң жыйнағы.

Мәлимлеме-китапханалық мәкемелери ғәрезсиз мәкеме болыўы яки кәрхана, мәкеме ямаса шөлкемниң қурам бөлими болыўы мүмкин.

Мәлимлеме-китапханалық мәкемелерине төмендегилер киреди:

мәлимлеме-китапханалық орайлары;

мәлимлеме-ресурслық орайлары;

мәмлекетлик ҳәкимият ҳәм басқарыў ўйымларының китапханалары;

басқа китапханалар (пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымларының, мәмлекетлик емес коммерциялық емес шөлкемлердиң, коммерциялық шөлкемлердиң китапханалары).

Мәлимлеме-китапханалық мәкемелери мәлимлеме-китапханалық қорларының мазмуны ҳәм белгиленген мақсетине қарай универсал ҳәмде арнаўлы мәлимлеме-китапханалық мәкемелерине бөлинеди.

Универсал мәлимлеме-китапханалық мәкемелери мәлимлеме-китапханалық қорларын билимниң түрли салалары бойынша дүзеди ҳәм түрли тайпадағы пайдаланыўшылардың мәлимлемеге болған талапларын қанаатландырады.

Арнаўлы мәлимлеме-китапханалық мәкемелери мәлимлеме- китапханалық қорларын билимниң бир яки бир неше түрлес салалары бойынша дүзеди ҳәм айырым тайпадағы пайдаланыўшылардың мәлимлемеге болған талапларын қанаатландырады.

**10-статья. Мәлимлеме-китапханалық орайы**

Мәлимлеме-китапханалық орайы Қарақалпақстан Республикасында Мәлимлеме-китапханалық жумысын шөлкемлестириўши ҳәм әмелге асырыўшы универсал мәлимлеме-китапханалық мәкемеси.

Мәлимлеме-китапханалық орайы:

Мәлимлеме-китапханалық қорын дүзеди ҳәм олардың пүтин сақланыўын тәмийинлейди;

электронлы китапхана ҳәм электронлы каталогты қәлиплестиреди;

тийисли аймақта шығарылатуғын басылымлардың мәжбүрий нусхаларын алады;

библиографиялық, илимий-методикалык ҳәм мәдений-ағартыўшылық жумысларын орынлайды;

тийисли аймақта мәлимлеме-китапханалық мәкемелери искерлигин муўапықластырады ҳәм оларды шөлкемлестириўшилик-методикалық жақтан тәмийинлеўди әмелге асырады;

жәмлеме электронлы каталогты қәлиплестириўде қатнасады;

мәлимлеме-китапханалық ресурслардан өз-ара пайдаланыў ушын шараятлар жаратады;

басқа мәлимлеме-китапханалық мәкемелери менен бирге ислесиўди әмелге асырады;

тийисли аймақта мәлимлеме-китапханалық мәкемелериниң депозитар сақланатуғын мәлимлеме-китапханалық ресурсларын топлаўды әмелге асырады ҳәм олардың есабын жүргизеди.

Мәлимлеме-китапханалық орайлары нызамшылыққа муўапық басқа да ҳуқықларды әмелге асырыўы мүмкин.

Мәлимлеме-китапханалық орайларының мәлимлеме-китапханалық қоры мәмлекет мүлки болып есапланады.

Мәлимлеме-китапханалық орайы ҳаққындағы реже Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси тәрепинен тастыйықланады.

**11-статья. Мәлимлеме-ресурслық орайлары**

Мәлимлеме-ресурслық орайлары мәмлекетлик билимлендириў мәкемелери жанында шөлемлестирилген, оқыўшы жаслардың, сондай-ақ халықтың мәлимлемеге болған талапларын қанаатландырыўға қаратылған мәлимлеме-китапханалық жумысын әмелге асырыўшы универсал мәлимлеме-китапханалық мәкемелери.

Мәлимлеме-ресурслық орайлары:

Билимлендириў мәкемелериниң қәнигелесиўине муўапық тийкарынан илимий билимлендириўге байланыслы мазмундағы мәлимлеме-китапханалық қорын дүзеди ҳәм оның пүтин сақланыўын тәмийинлейди;

электронлы китапхана ҳәм электронлы каталогты пайда етеди;

шахстың руўхый жақтан бай ҳәм бәркамал дөретиўшилик өсиўи ушын имканиятлар жаратқан ҳалда өзиндеги ҳәм өзинен узақтағы мәлимлеме-китапханалық ресурсларынан пайдаланыў тийкарында Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстан халқының тарийхый, руўхый ҳәм мәдений мийрасын пайдаланыўшыларға жеткереди;

мәлимлеме-китапханалық ресурсларынан өз-ара пайдаланыўды тәмийинлейди;

басқа мәлимлеме-китапханалық мәкемелери менен бирге ислесиўди әмелге асырады;

жәмлеме электронлы каталогты қәлиплестириўде қатнасады;

мәдений, билимлендириў, мәлимлеме бағдарламалары ҳәм жойбарларын ҳәмде басқа да бағдарламалар ҳәм жойбарларды биргеликте әмелге асырыў ушын билимлендириў, илимий мәкемелер ҳәм архивлер, жергиликли мәмлекетлик ҳәкимият уйымлары, миллий мәдений орайлары ҳәм басқа да шөлкемлер менен бирге ислесиўди раўажландырады.

Мәлимлеме-ресурслық орайлары нызамшылыққа муўапық басқа да ўәкилликлерди әмелге асырыўы мумкин.

Мәлимлеме-ресурслық орайларының мәлимлеме-китапханалық қоры мәмлекет мүлки болып табылады.

Мәлимлеме-ресурслық орайы ҳаққындағы үлги реже Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси тәрепинен тастыйықланады.

**12-статья. Мәмлекетлик ҳәкимият ҳәм басқарыў уйымларының китапханалары**

Мәмлекетлик ҳәкимият ҳәм басқарыў уйымларының китапханалары нызамшылықта белгиленген тәртипте мәлимлеме-китапхана искерлигин әмелге асырыўшы арнаўлы мәлимлеме-китапхана мәкемелери.

Мәмлекетлик ҳәкимият ҳәм басқарыў уйымларының китапханалары:

мәлимлеме-китапханалық қорын дүзеди ҳәм олардың пүтин сақланыўын тәмийинлейди;

электронлы китапхана ҳәм электронлы каталогты қәлиплестиреди;

мәлимлеме-китапханалық ресурсларынан өз-ара пайдаланыў ушын шараятлар жаратады;

басқа мәлимлеме-китапханалық мәкемелери менен бирге ислесиўди әмелге асырады;

жәмлеме электронлы каталогты дүзиўде қатнасады.

Мәмлекетлик ҳәкимият ҳәм басқарыў уйымлары китапханаларының мәлимлеме-китапханалық қоры мәмлекет мүлки болып есапланады.

Мәмлекетлик ҳәкимият ҳәм басқарыў уйымларының китапханалары ҳаққындағы режелер усы уйымлардың басшылары тәрепинен тастыйықланады.

**13-статья. Басқа китапханалар**

Басқа китапханалар өз мәкемелери тәрепинен белгиленетуғын тәртипте мәлимлеме-китапханалық жумысты әмелге асырыўшы универсал яки арнаўлы мәлимлеме-китапхана мәкемелери болып табылады.

Басқа китапханалар:

мәлимлеме-китапханалық қорын дүзеди ҳәм олардың пүтин сақланыўын тәмийинлейди;

электронлы китапхана ҳәм электронлы каталогты пайда етеди;

мәлимлеме-китапханалық ресурсларынан өз-ара пайдаланыў ушын шараятлар жаратады;

басқа мәлимлеме-китапханалық мәкемелери менен бирге ислесиўди әмелге асырады;

жәмлеме электронлы каталогты дүзиўде қатнасады.

Басқа китапханалардың мәлимлеме-китапханалық қоры олардың шөлкемлестириўшилериниң мүлки болып есапланады.

Басқа китапханалар ҳаққындағы режелер олардың шөлкемлестириў-шилери тәрепинен тастыйықланады.

**14-статья. Мәлимлеме-китапханалық мәкемелерин шөлкемлестириў, қайта шөлкемлестириў ҳәм сапластырыў**

Мәлимлеме-китапханалық мәкемелерин шөлкемлестириў, қайта шөлкемлестириў ҳәм сапластырыў нызам ҳүжжетлеринде белгиленген тәртипте әмелге асырылады.

## 4-БАП.
## МӘЛИМЛЕМЕ-КИТАПХАНАЛЫҚ ҚОРЫ

**15-статья. Мәлимлеме-китапханалық қорын қәлиплестириў**

Мәлимлеме-китапханалық қорын қәлиплестириў мәлимлеме-китапханалық мәкемесиниң мақсетлери ҳәм ўазыйпаларына муўапық оны жәмлеў, есапқа алыў, қайта ислеў, жайластырыў ҳәм сақлаў арқалы әмелге асырылады.

**16-статья. Мәлимлеме-китапханалық қорын жәмлеў**

Мәлимлеме-китапханалық қоры басылымларды ҳәм басқа да мәлимлеме-китапханалық ресурсларын сатып алыў, оларға жазылыў, оларды алмастырыў, бийпул алыў, соның ишинде сыйлыққа алыў есабынан жәмленеди.

**17-статья. Мәлимлеме-китапханалық қорын есапқа алыў, қайта ислеў, жайластырыў, сақлаў ҳәм оннан пайдаланыў**

Мәлимлеме-китапханалық қорын есапқа алыў, қайта ислеў, жайластырыў, сақлаў ҳәм оннан пайдаланыў нызамшылықта белгиленген тәртипте әмелге асырылады.

Мәлимлеме-китапханалық қорын басылымлардың мәжбүрий нусхасын алыў есабынан жәмленетуғын, сондай-ақ бийбаҳа ҳәм айрықша қунлы мәлимлеме-китапханалық ресурсларын өз ишине алған бөлими миллий мәдений байлық болып, материаллық мәдений мийрас объекти сыпатында сақланады.

Мәлимлеме-китапханалық мәкемелериниң материаллық техникалық тәмийинлениўиниң жаманласыўына, оларды мийнетти қорғаў талапларына, мәлимлеме-китапханалық қорларын сақлаў нормалары ҳәм шараятларына сәйкес келмейтуғын имаратларға көшириўге жол қойылмайды.

## 5-БАП.
## ПАЙДАЛАНЫЎШЫЛАРДЫҢ ҲУҚЫҚ ҲӘМ МИННЕТЛЕРИ

**18-статья. Пайдаланыўшылардың ҳуқықлары**

Пайдаланыўшылар төмендеги ҳуқықларға ийе:

Мәлимлеме-китапханалық мәкемелерине кириў ҳәм мәлимлеме-китапханалық ресурсларынан пайдаланыў;

өз талапларына сәйкес рәўиште мәлимлемени еркин таңлап алыў;

көрсетилетуғын хызметлердиң, соның ишинде төлемли хызметлердиң дизими ҳәм оларды көрсетиў шәртлери ҳаққында мағлыўмат алыў;

соралып атырған мәлимлеме-китапханалық ресурсларының бары-жоғы ҳаққында мағлыўмат алыў.

Пайдаланыўшылар нызамшылыққа муўапық басқа да ҳуқықларға ийе болыўы мүмкин.

**19-статья. Пайдаланыўшылардың миннетлери**

Пайдаланыўшылар:

мәлимлеме-китапханалық мәкемелеринде пайдаланыў қағыйдаларын сақлаўы;

мәлимлеме-китапханалық ресурсларына ықтыятлы қатнаста болыўы, олардың жоғалыўына жол қоймаўы, зыян келтирген жағдайда белгиленген тәртипте оның орнын қаплаўы;

мәлимлеме-китапханалық мәкемелери жумысының сапасын пәсейттириўге қаратылған ҳәрекетлер ислемеўи шәрт.

Пайдаланыўшылардың жуўапкершилигинде нызамшылыққа муўапық басқа да миннетлер болыўы мүмкин.

**20-статья. Физикалық имканиятлары шекленген пайдаланыўшыларға мәлимлеме-китапханалық хызметин көрсетиў**

Физикалық имканиятлары шекленген пайдаланыўшыларға мәлимлеме-китапханалық хызметин көрсетиў мәлимлеме-китапханалық мәкемелеринде арнаўлы техника қуралларынан пайдаланған ҳалда мәлимлеме жазылған арнаўлы технологияларда мәлимлеме-китапханалық ресурсларын усыныс етиў арқалы әмелге асырылады.

## 6-БАП.
## МӘЛИМЛЕМЕ-КИТАПХАНАЛЫҚ МӘКЕМЕЛЕРИН ҚАРЖЫЛАНДЫРЫЎ.
## МӘЛИМЛЕМЕ-КИТАПХАНАЛЫҚ МӘКЕМЕЛЕРИНИҢ БИРЛЕСПЕЛЕРИ.
## ХАЛЫҚАРАЛЫҚ БИРГЕ ИСЛЕСИЎ.

**21-статья. Мәлимлеме-китапханалық мәкемелерин қаржыландырыў**

Мәлимлеме-китапханалық мәкемелерин қаржыландырыў төмендегилер есабынан әмелге асырылады:

Өзбекстан Республикасы мәмлекетлик бюджети ҳәм Қарақалпақстан Республикасы бюджети қаржылары;

шөлкемлестириўшилердиң қаржылары;

төлемли хызметлер көрсетиўден алынатуғын қаржылар;

нызамшылықта қадаған етилмеген басқа да дереклер.

**22-статья. Мәлимлеме-китапханалық мәкемелериниң бирлеспелери**

Мәлимлеме-китапханалық мәкемелери жумысын муўапықластырыў, сондай-ақ улыўма мәплерди билдириў ҳәм қорғаў мақсетинде нызамшылықта белгиленген тәртипте бирлеспелер дүзиўи мүмкин.

Мәлимлеме-китапханалық мәкемелериниң бирлеспелери:

мәлимлеме-китапханалық жумысын раўажландырыўға көмеклеседи;

мәлимлеме-китапханалық жумыс саласындағы мәмлекетлик бағдарламаларды ислеп шығыў ҳәм әмелге асырыўда қатнасады;

мәлимлеме-китапханалық жумыс ҳаққындағы ҳүжжетлерди раўаж-ландырыў көз-қарасынан усынıслар таярлайды;

мәлимлеме-китапханалық кәрханалары кадрларын қайта таярлаў ҳәм билимин жетилистириўди шөлкемлестириўде қатнасады.

Мәлимлеме-китапханалық мәкемелериниң бирлеспелери нызамшылыққа муўапық басқа да ўәкилликлерди әмелге асырыўы мүмкин.

**23-статья. Мәлимлеме-китапханалық жумыс саласындағы халықаралық бирге ислесиў**

Мәлимлеме-китапханалық жумыс саласындағы халықаралық бирге ислесиў ҳәрекеттеги нызамларға ҳәм халықаралық шәртнамаларға муўапық әмелге асырылады.

## 7-БАП.
## ЖУЎМАҚЛАЎШЫ РЕЖЕЛЕР

**24-статья. Тартысларды шешиў**

Мәлимлеме-китапханалық жумыс саласында жүзеге келген келиспеўшиликлер нызам актлеринде белгиленген тәртипте шешиледи.

**25-статья. Мәлимлеме-китапханалық жумыс ҳаққындағы нызам актлерин бузғанлығы ушын жуўапкершилик**

Мәлимлеме-китапханалық жумыс ҳаққындағы нызам актлерин бузғанлықта айыпкер шахслар белгиленген тәртипте жуўапкер болады.